# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# अलविदा फिरौन!



लेखक: Edward Hughes
अनुवादकः सुरेश मसीह
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुकूलित: Lyn Doerksen

कहानी 11 से 60

**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

Bhojpuri







"खुद से पुअरा इकट्ठा करअ जा। अब हमनी क एके लिया के ना देइब जा। लेकिन ईंटा ओतने ही संख्या में बने के चाहीं।" ई सब ओ फिरौन क नाया आदेश रहल।
3
कुछ गुलामन की पास पुआल इकट्ठा करे अउर ओतना ही संख्या में ईंटन के बनवला खातिर पर्याप्त समय ना रहल,
ए खातिर टोली क मुखिया ओ लोगन के चाबूक से मरलें।
4
लोग सब अपनी ए परेशानी की खातिर मूसा अउर हारून के दोषी ठहरवलें। मूसा के प्रार्थना कइला क एगो जगह मिलल। उ कहलन, "हे परमेश्वर" "तू अपनी लोगन के त एकदमे नेइखअ बचवले" उ रोवलन; परमेश्वर जवाब
दिहलन, "हम यहोवा हँई, अउर हम तोहन लोग के निकाल के बाहर ले जाइब।"
5
फिर परमेश्वर मूसा अउर हारून के फिरौन की पास वापस भेजलें। जब शक्तिशाली शासक परमेश्वर की सेवकन से एगो चिन्ह की खातिर कहलन,
तब हारून क लाठी एगो रेंगत साँप में बदल गइल।
6
फिरौन गरजते की साथ आज्ञा दिहलन, "हमरी जादूगरन के बुलावअ जा" जब मिस्र क जादूगर लोग अपनी लाठी के नीचे फेकलें तब, ओ लोगन क लाठी भी सांप बन गइल। लेकिन हारून क छड़ी दूसरा लोगन की छड़ी के घोंट लिहलस। फिर भी, फिरौन लोगन के जाए दिहला से मना क दिहलन।
7
अगली सुबह, मूसा अउर हारून नदी की किनारे फिरौन से मुलाकात कइलें। जब हारून अपनी छड़ी के बाहर की ओर निकललें तब, परमेश्वर पानी के खून में बदल दिहलन। सब मछरी मरे लगली! लोग ए पानी के पी ना सकलें!
8


लेकिन फिरौन अपनी मन के कठोर कइलन। उ इस्राएली लोग के मिस्र छोड़ के जाए ना दिहलन।
9
फिर मूसा फिरौन से कहलें कि परमेश्वर की लोगन के जाए दअ। फिरौन फिर मना कर दिहलन। परमेश्वर एगो अउर महामारी भेजलें। पूरा मिस्र मेंढ़क से भर गोइल। हर घर, हर कमरा में, ईहां तक कि खाना पकावे वाला कठौती में भी मेंढक भर गोइलन!
10
"प्रार्थन करअ की परमेश्वर ए मेंढकन के हमसे दूर करें," फिरौन निवेदन कइलन "अउर कहलन हम तोहरी लोगन के जाए देइब।" जब, मेंढ़क चल गोइलन सअ, तब फिरौन क मन फिर बदल गोइल। हम दासन के मुक्त ना करब।
11
तब परमेश्वर अरबों की संख्या में छोटवर कीड़ा, कुटकियन के भेजलें। हर व्यक्ति अउर जानवर उनकरा कटला से खुजली कइलन। लेकिन फिरौन तव भी परमेश्वर की खातिर लोगन के ना छोड़लन।
12
फिर परमेश्वर उन सब की बीच में माछीन की झुण्ड के भेजलें। परमेश्वर मिस्त्रियन की 'मवेशियन के मारे की खातिर रोग भेजलें। परमेश्वर दर्दनाक फोड़न के भेजलें। लोग दर्दनाक दुःख सहलें फिर भी फिरौन परमेश्वर क विरोध कइलन।
13
दर्दनाक फोड़ा की बिपत्ति की बाद, परमेश्वर टिड्डियन की झुण्ड के भेजलें। टिड्डी पूरा देश में हर हरियर पौधन के खा गोइलीन।
14


फिर परमेश्वर तीन
दिन क घनघोर
अन्हरिया भेजलें।
लेकिन जिद्दी फिरौन
इस्राएलियन के मु
क्त ना कइलस।
15


परमेश्वर चेतावनी
दिहलें, "हम एगो
अउर महामारी भेजब
लगभग आधी रात
में, आदमी अउर
जानवरन क सब
पहिलौंठा मारल
जइहें।" परमेश्वर
इस्राएली लोगन से
कहलन, अगर उ
लोग अपनी घर के
चौकठन पर मेमना
क खून लगइहें तअ
उनकर पहिलौंठा
बच जइहें।
16


लगभग आधी रात के, एगो
महान बिलाप मिस्र में शुरू
भईल। मौवत दस्तक
दिहलस। हर घर में कम
से कम एगो व्यक्ति क
मृत्यु भईल रहल।
17


"ईहाँ से दूर चल जा जा," फिरौन
मूसा से विनती कइलन। "अपनी
प्रभु की सेवा की खातिर" तू लोग
जा, जल्दी से, परमेश्वर क
लोग मिस्र की सीमा से
बहार कूच कइलन।
18


परमेश्वर फसह की रात के याद रखे
की खातिर मूसा से कहलें, काहें से कि
परमेश्वर क दूत इस्रायलियन की घर से होकर गुजरल
अउर फिरौन की संगे उनकी लोगन के मार डलले रहल।
19


मिस्र में 430 बरिष बितवला
की बाद, परमेश्वर क लोग अब आज़ाद
रहलें। परमेश्वर दिन में बादल क छाया, अउर रात में आग
क खम्भा की रूप में होकर उनकर अगुवायी कइलन।
20













अलविदा फिरौन!

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

निर्गमन 4-15

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !